



**NAETISL**

National Association of  
Educational Translators and  
Interpreters of Spoken Languages



**MODDC**

Missouri  
Developmental  
Disabilities Council

# Gradyasyon pou Elèv ki gen Andikap: Yon Gid pou Paran

---

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



[naetisl@gmail.com](mailto:naetisl@gmail.com)

NAETISL



*Follow us*



MODDC



[moddc@moddcouncil.org](mailto:moddc@moddcouncil.org)



[www.naetisl.org](http://www.naetisl.org)

[www.moddcouncil.org](http://www.moddcouncil.org)





## Gradyasyon pou Elèv ki gen Andikap: Yon Gid pou Paran

### Èske elèv ki gen andikap yo dwe satisfè menm egzijans gradyasyon yo tankou lòt elèv yo?

Se pa toutan. Yo ka adapte egzijans gradyasyon pou elèv ki gen andikap yo pou satisfè bezwen endividyèl yo. Pandan kèk elèv resevwa yon diplòm estanda, lòt yo ka swiv yon pakou modifye ki toujou pèmèt yo fini lekòl segondè yo avèk siksè.

### Ki sa ki detèmine kijan yon elèv ki gen yon andikap pral gradye?

Ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a detèmine chemen elèv la pou gradyasyon. Desizyon sa a baze sou:

- Fòs elèv la, bezwen li, ak objektif li apre lekòl segondè
- Kalite ak gravite andikap la
- Pwogrè sou estanda akademik ak objektif IEP

### Ki kalite diplòm oswa opsyon fen etid ki ta ka disponib?

POpsyon gradyasyon yo varye selon eta, men yo souvan gen ladan:

- Diplòm Estanda/Regilye
- Elèv la satisfè tout egzijans edikasyon jeneral yo, li posib avèk akomodasyon.
- Diplòm Modifye oswa Sètifika Reyalizasyon
- Elèv la konplete kou yo selon yon estanda modifye, ki souvan adapte ak IEP li a. Sa yo ka pa satisfè kondisyon pou antre nan inivèsite men yo toujou montre yon reyalizasyon.
- IEP oswa Diplòm Altènatif
- Elèv la satisfè objektif ki etabli nan Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) li a olye travay akademik estanda. Anjeneral pakou sa a pou elèv ki gen pi gwo andikap.





- Sètifika Prezans oswa Reyalizasyon

Yo bay lè elèv la pa satisfè egzijans pou diplòm men li konplete pwogram IEP li a epi li ale lekòl jiska laj 21 ane.

### **Ki moun ki deside ki opsyon gradyasyon ki pi bon?**

Ekip IEP a, avèk fidbak elèv la ak fanmi an, pran desizyon sa a.

Planifikasyon an anjeneral kòmanse lè timoun nan gen laj 14 jiska 16 lane kòm yon pati nan sèvis tranzisyon nan IEP a. Li enpòtan pou:

- Revize opsyon gradyasyon yo bonè
- Konprann kijan chak pakou afekte opòtinite nan lavni
- Reyevalye desizyon an regilyèman pandan li nan lekòl segondè

### **Èske yon elèv ka chanje pakou gradyasyon yo?**

Wi. Yo ta dwe evalye plan gradyasyon yo yon fwa chak ane. Si pèfòmans elèv la, objektif li, oswa kapasite li yo chanje, ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a kapab adapte pakou gradyasyon an kòmsadwa.

### **Ki enpak diferan kalite diplòm yo?**

Chak opsyon ka afekte plan lavni elèv la:

- Diplòm estanda

Anjeneral li obligatwa pou inivèsite , militè, oswa travay konpetitif

- Diplòm modifiye oswa IEP

Yo ka aksepte l nan kèk lekòl pwofesyonèl oswa pwogram travay ak sipò men li ka pa satisfè kritè admisyon tradisyonèl pou inivèsite yo

- Sètifika prezans/reyalizasyon

Rekonèt efò ak kwasans men li pa egal ak yon diplòm



## Kijan paran yo ka sipòte pitit yo nan pwosesis sa a?

Ou jwe yon wòl enpòtan nan ede pitit ou reyisi. Ou kapab:

- Mande lekòl la pou li eksplike tout opsyon diplòm oswa opsyon pou fen etid yo
- Ankouraje pitit ou a eksprime objektif li pou lavni
- Ede pitit ou eksplòre enterè li nan karyè, inivèsite, oswa fòmasyon
- Asiste epi patisipe nan tout reyinyon IEP ak reyinyon sèvis tranzisyon yo
- Asire w plan gradyasyon an koresponn ak pwèn fò pitit ou a ak objektif alontèm li yo

## Kisa k ap pase si pitit mwen an rete lekòl apre laj 18 ane?

Elèv ki gen andikap yo gen dwa pou yo resevwa sèvis edikasyon espesyal jiska laj 21 lane (oswa jiskaske yo resevwa yon diplòm, kèlkeswa sa ki rive anvan). Si pitit ou a bezwen plis tan pou li devlope konpetans akademik, pwofesyonèl, oswa konpetans pou lavi, li ka kontinye resevwa sipò menm apre kamarad klas li yo gradye.

## Kijan mwen ka jwenn èd nan lang mwen an?

Mande sèvis entèprèt nan lekòl pitit ou a oswa nan biwo distri eskolè a . Mande enfòmasyon alekri ki tradui si w bezwen. Enfòmasyon ki disponib pou tout paran nan distri eskolè a ta dwe disponib pou ou tou.

## Konsèy pou fanmi yo

- Pa pè poze kesyon!





- Mande lekòl la pou li eksplike w kijan yo pran desizyon sou gradyasyon yo epi kijan desizyon sa yo afekte avni pitit ou a. Gradyasyon an ta dwe reflekte pwogrè ak potansyèl endividyèl pitit ou a. Pakou chak elèv inik, epi objektif la se pou pitit ou a kite lekòl segondè ak konpetans, konfyans, ak sipò yo bezwen pou yo avanse.

